


DESIZYON POU FÈ TÈS LA ÈD POU GASON YO



Èske mwen ta dwe teste?

KISA PWOSTAT LA YE EPI KOTE PWOSTAT LA YE?

Pwostat se yom glann ki gen dimansyon Nwazèt ki ede gason fè espèm. Li chita toupre blad-pipi a.



KISA KANSÈ PWOSTAT YE?

ÈSKE KANSÈ PWOSTAT DANJERE EPI ÈSKE MWEN AN DANJE POU GENYEN LI?

Kansè pwostat komen anpil, epi pifò gason ap gen kansè pwostat si yo viv lontan ase. Pifò gason yo p ap gen okenn sentòm epi anpil gason p ap mouri akòz maladi a. Men, kèk kansè pwostat kapab lakòz sentòm ki gran anpil oswa menm lanmò. Sa vle di, kansè pwostat se dezyèm pi gwo kòz lanmò nan kansè sou gason yo nan Etazini.

KANSÈ PWOSTAT

KIJAN DOKTÈ DEKOUVRI KANSÈ PWOSTAT?

Kansè pwostat pa gen sentòm nan premye etap li yo. Yon tès san ki rele PSA (Antijèn ki Patikilye pou Pwostat) kapab fèt kòm yon tès depistaj (yon tès ki chèche kansè cancer anvan ou gen sentòm yo) pou ede nou konnen kimoun ki ka an danje pou gen kansè pwostat. Tès PSA pa yon tès ki ideyal epi li pa toujou montre moun ki gen kansè a ak moun ki pa gen kansè a. Lè tès PSA jwenn kansè pwostat, anpil nan kansè sa yo pa danjere, men kèk ladan yo kapab devlope pepi yo kapab vin grav si yo pa trete.

KI KÈK NAN REZON KI FÈ GASON YO CHWAZI POU FÈ TÈS PSA?

Objektif tès la se pou jwenn kansè pwostat ki gen "gwo risk" oswa agresif prostate cancer nan yon etap bonè epi pou trete ak geri li anvan li gaye pi lwen pwostat la. "Pi bon etid medikal sou gason ki gen plis pase 50 tan montre tès PSA yo kapab diminye risk ou pou mourir nan kansè pwostat parapò avèk si ou pa teste."



KI KÈK NAN REZON KI FÈ GASON YO DESIDE PA FÈ TÈS PSA?

Tès yo kapab jwenn anpil kansè ki gen "risk fèb" oswa ki pa agresif epi ki ka pa janm danjere. Piò nan kalite kansè sa yokapab kontwole san pwoblèm san bezwen pou tretman imedyat. Pafwa, kansè risk fèb sa yo trete avèk operasyon ak/ oswa radyasyon ak/oswa medikaman, epi tretman sa yo kapab gen efè segondè. Kèk nan efè segondè sa yo se posib difikilte pou pipi nòmalman, difikilte oswa enkapasite pou ale nan relasyon seksyèl avèk patnè ou akòz pwoblèm erekson, ak pwoblèm pou pase poupou. Men, efè segondè sa yo kapab trete souvan.

Si ou chwazi pou fè tès depistaj la, gen yon chans pou doktè a dekouvri ou gen kansè ki gen "risk fèb". Fanmki ou, zanmi ou yo, oswa memm doktè yo ka ba ou presyon pou trete li.

KISA REZILTA TÈS PSA VLE DI?

Si ou fè yon PSA sèlman, li p ap[dekouvri kansè pwostat. Yon PSA wo oswa k ap monte ka sijere yon pi gwo chans pou gen kansè nan kò ou, epi li kapab vle di ou bezwen fè plis tès. Yon rezulta PSA fèb ap sijere yon chans pi ba pou gen kansè nan kò ou.

- Kisa pou mwen fè si tès PSA mwen nòmal?

Ou ka pa bezwen fè tès PSA ase souvan oswa memm ditou, sitou si PSA ou fèb anpil.

- Kisa pou mwen fè si tès PSA mwen wo?

Si nivo PSA ou wo, oswa ap mponte, doktè ou ka refè tès la anpil semèn apre pou asire rezulta tès la kòrèk. Si nivo PSA ou toujou wo, oswa si l ap monte, doktè ou ka voye ou wè yon espesyalis pwostat ki rele yon iwològ.



KISA K AP PASE LÈ MWQEN WÈ IWOLÒG LA?

Yon iwològ se yon espesyalis blad-pipi, ren ak sistèm repwodiksyon gason, tankou pwostat.

Iwològ la ka fè tès pou wè si gen on pwostat kansè ki danjere oswa agresif nan kò ou. Iwològ la ta ka:

- Poze ou kesyon sou istwa fanmi ou
- Fè yon egzamen pwotat pou ou (pou chèche yon bòs oswa mas ki ka se yon siy kansè)
- Ka rekòmande pou ou fè lòt tès san, eskanografi ak/oswa pwosed

KISA POU MWEN FÈ SI DOKTÈ DEKOUVRI MWEN GEN KANSÈ PWOSTAT?

Iwològ ou pral pale avèk ou pou fè ou konnen si li panse kansè a ka se yon kalite ki gen “risk fèb” (devlopman ki pran anpil tan) oswa yon kalite ki gen gwo risk (agresif). Pi bon tretman an depannde si li se yon kalite ki gen “risk fèb” oswa “gwo risk”:

Pifò kansè pwostat doktè dekovri nan tès PSA pa bezwen tretman (yo gen risk fèb) epi yo kapab kontwole avèk yon “siveyans aktif”. Sa vle di doktè ou pral sveye ou avèk anpil atansyon. Metòd sa a pa gen okenn danje toutotan kansè a rete ap devlope dousman epi li pa agresif.

Pou kansè ki pi agresif yo, iwològ ou ka rekòmande pou swiv tretman. Men kèk ban kalite tretman ki genyen pou kansè pwostat:

- Operasyon pou retire pwostat la
- Tretman avèk radyasyon
- Terapi/òmòn/medikaman (pafwa)

ÈSKE TÈS DEPISTAJ LA BON POU MWEN? PRAN KWIZ OTO-EVALYASYON PSA:

- Èske ou ta aksepte tretman pou kansè pwostat tankou operasyon oswa radyasyon si doktè ou rekòmande li pou ou?
 - Èske ou konfòtab pou viv avèk kansè pwostat san trete si doktè ou panse tretman pa nesesè epi kansè ou kapab kontwole san danje avèk “siveyans aktif”?
- Si ou te reponn wi pou TOUDE kesyon yo ki anwo a, lè sa a tès depistaj la ka bon pou ou.**
- Èske ou gen enkyetid ou pa ta konnen ou gen yon kansè ki gen “risk fèb” and not treating it?
 - Si doktè dekovri ou gen kansè pwostat, èske ou ta finalman refize swiv tretman si doktè ou yo rekòmande li (operasyon ak/ oswa terapi radyasyon)?

Si ou te reponn wi pou NENPOT nan kesyon yo ki anwo a, lè sa a tès depistaj la ka pa bon pou ou.

Tankou avèk stout pwoblèm medikal yo, nou ankouraje ou pou pale avèk doktè ou konsènan yon PSA tès depistaj kansè pwostat ou ak si sa ka bon pou ou.